



Pou Piblikasyon Imedya: 24/04/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PRIM KI PLIS PASE 5.8 MILYON DOLA POU SIPÒTE NOUVO PWOGRAM TRETMAN ADIKSYON YO NAN ETA NEW YORK

Finansman an pral pèmèt founisè yo etabli pwogram tretman entegre konplè pou pasyan ekstèn ki fèt pou ogmante aksè ak kontinuite konplè sèvis pou maladi ki lye ak itilizasyon opyoyid

Sibvansyon yo akòde atravè Fon Règleman Opyoyid Eta New York la

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a alokasyon plis pase 5.8 milyon dola pou founisè yo atravè Eta New York pou etabli pwogram tretman entegre konplè pou pasyan ekstèn pou adiksyon. Yo distribye finansman sa a atravè Fon Règleman Opyoyid Eta a.

"Epidemi opyoyid ak ovèdòz te afekte lavi yon bann moun isit la nan New York", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan moun, fanmi, ak kominote atravè eta a ap kontinye santi enpak kriz sa a, n ap travay pou satisfè bezwen sèvis tretman k ap kontinye, epi n ap kontinye efò global nou yo pou ede asire ke pa gen okenn lòt lavi ki pèdi nan adiksyon".

Pwogram tretman entegre konplè pou pasyan ekstèn yo bay plis opòtinite pou jwenn aksè ak sèvis konplè ki santre sou moun, ki gen ladan tretman avèk medikaman pou maladi ki lye ak itilizasyon opyoyid. Pwogram sa yo fèt pou adrese bezwen kontinyèl pou tretman entegre lè yo santralize sèvis sa yo nan yon sèl kote. Pwogram k ap resevwa finansman sa a pral jere yon pwogram tretman pou pasyan ekstèn ak yon pwogram tretman opyoyid (OTP) nan menm sit la.

Komisè Biwo Sèvis ak Sipò pou Adiksyon (Office of Addiction Services and Supports, OASAS) Eta New York la, Chinazo Cunningham, te deklare, "Nouvo pwogram sa yo pral pèmèt plis moun resevwa èd ak sipò enpòtan pou adiksyon, ki gen ladan tretman medikaman, tout nan yon sèl kote. Gras a finansman yo bay atravè Fon Règleman Opyoyid la, n ap kontinye elaji ak amelyore sèvis nou yo pou bay plis Nouyòkè yon chans pou jwenn aksè nan sèvis enpòtan sa yo pi pre lakay yo".

Senatè Eta a, Nathalia Fernandez, te deklare, "Mwen kontan nou wè Fon Règleman Opyoyid la ap itilize nan fason presi ak efikas konsa. Lè nou gen tretman entegre nan

yon sèl kote, non sèlman sa ap ede pasyan nou yo resevwa sèvis enpòtan, men li pral ede founisè yo ak anplwaye medikal yo avèk resous yo bezwen pou sove lavi yo epi trete adiksyon yo avèk plis siksè".

12 founisè sa yo ap resevwa finansman atravè inisyativ sa a pou etabli pwogram nan konte ki nan lis yo.

New York Santral

- Crouse Health Hospital (Onondaga) - 239,097 dola

Finger Lakes

- Huther Doyle Memorial Institute, Inc. (Monroe) 560,000 dola

Long Island

- Federation of Organizations for the New York State Mentally Disabled, Inc (Suffolk) 660,000 dola

Mid-Hudson

- Westchester County Health Care Corp & Health Alliance (Ulster) - 374,000 dola
- Lexington Center for Recovery, Inc. (Dutchess) - 374,000 dola

Vil New York

- Elmcot Youth & Adult Activities, Inc. (Queens) - 660,000 dola
- NYC H+H Jacobi Medical Center (Bronx) - 660,000 dola
- Samaritan Daytop Village (Richmond) - 660,000 dola
- St. Joseph's Hospital (Queens) - 402,000 dola

North Country

- Credo Community Center for Treatment of Addictions, Inc (Jefferson) - 240,106 dola

Southern Tier

- CASA Trinity, Inc. (Steuben) - 615,224 dola

Western NY

- Northpointe Council, Inc. (Niagara) - 374,000 dola

Eta New York ap resevwa plis pase 2 milya dola atravè divès kalite akò règleman avèk fabrikasyon opyoyid yo ak konpayi famasetik yo ke Pwokirè Jeneral Letitia James te garanti. Yon pati finansman ki soti nan règleman sa yo prale dirèkteman nan minisipalite yo, epi yo ap depoze rès la nan yon fon dedye pou sipòte prevansyon, tretman, rediksyon domaj, ak efò rekiperasyon pou adrese epidemi opyoyid aktyèl la.

Menm lejislasyon an ki te etabli fon dedye a te kreye tou Komite Konsiltatif Fon Règleman Opyoyid la, ki gen responsablite pou l fè rekòmandasyon sou fason yo ta dwe asiye lajan règleman an pou pi byen sèvi moun ki nan bezwen yo. Manm konsèy yo te bay premye rekòmandasyon yo nan 1 novanm, yo te idantifye ekspansyon sèvis rediksyon ak tretman domaj kòm pi gwo priyorite yo.

Eta New York te mete sou pye yon apwòch agresif, ki gen plizyè branch pou rezoud epidemi dòz ekseksif la, epi li te kreye yon seri swen nasyonal pou adiksyon ak sèvis konplè prevansyon, tretman, retablisman ak rediksyon domaj. Eta a te travay pou agrandi aksè nan sèvis tradisyonèl yo, ki genyen ladan yo pwogram sèvis kriz, pasyan ki entènè, pasyan ekstèn, ak pwogram tretman rezidansyèl, ansanm ak medikaman pou tretman adiksyon, epi tretman mobil ak sèvis transpò.

Gouvènè Hochul te yon manm Gwoup Travay sou Ewoyin ak Opyoyid nan Eta New York (NYS Heroin and Opioid Task Force) la ki, an 2016, te rekòmande nouvo sèvis ki pa tradisyonèl, ki genyen ladan yo sant retablisman yo, klèb lojman pou jèn yo, agrandi sèvis konpayon yo, ak sant aksè lib yo, k ap bay evalyasyon ak referans pou swen imedyè. Depi lè sa, yo te etabli sèvis sa yo nan divès kominote ozalantou Eta a, epi yo te ede moun ki nan bezwen yo jwenn aksè nan swen ki pi pre kote yo ap viv la.

Biwo Sèvis ak Sipò kont Adiksyon Eta New York la sipèvizè youn nan pi gwo sistèm swen pou twoub itilizasyon sibstans nan peyi a avèk anviwon 1,700 pwogram prevansyon, tretman, ak rekiperasyon k ap sèvi plis pase 731,000 moun chak ane. Sa gen ladan l operasyon dirèk 12 Sant Tretman kont Adiksyon kote doktè, enfimye ak anplwaye klinik nou yo bay anviwon 8,000 moun pa ane sèvis pou pasyan ki entènè ak sèvis rezidansyèl.

Nouyòkè yo ki gen difikilte avèk yon adiksyon, oswa yon pwòch ki gen difikilte, ka jwenn èd ak lespwa lè yo rele liy telefòn gratis Eta a, HOPEline 24 èdtan, 7 jou pa semèn nan 1-877-8-HOPENY (1-877-846-7369) oswa lè ou voye tèks HOPENY (Kòd Kout 467369).

Tretman pou adiksyon ki disponib yo gen ladan swen pou kriz/dezentoksikasyon, swen malad ki entènè yo, swen rezidansyèl, oswa swen pou pasyan ekstèn, lè ou itilize Tablodò Disponibilite Tretman OASAS NYS la nan [FindAddictionTreatment.ny.gov](https://www.findaddictiontreatment.ny.gov) oswa atravè [sitwèb OASAS NYS la](https://www.oasas.ny.gov).

Si oumenm, oswa yon pwòch ou, te eksperimente obstak nan asirans ki gen rapò ak tretman oswa bezwen pou ede depoze yon apèl pou yon reklamasyon yo te refize,

kontakte liy èd CHAMP an pa telefòn nan 888-614-5400 oswa pa imèl nan ombuds@oasas.ny.gov.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)